Масала, гІакъилас гІадан теларо,
Тушман вугониги, гІадада хвезе.



ВОРЕ ЦІАЛЕ, ЦІАЛЕ, ДИР ЦІОДОР

# Гьелъ гурищ къункъраби роржунеб мехалъ, Къваридго зобалахъ ралагьулел нилъ...

## Гумбет районалда тІоритІана «ХІамзатовасул цІалиял»



Россиялъул халкъазул Іадатияб маданияталъул умбеталъул централда 22 ентябралда тІобитІана Раул ХІамзатовасул кучІдул икІкІиналъул конкурс – ХІамзатовасул цІалиял». Кидерго махщел бихьизабизе онкурсалда гІахьаллъана айоналъул 19 школалдаса 57 Іалдохъан.

1–11 классазул цІалдохъабаз екІехъе цІалана Расул ХІамзаовасул кучІдул авар ва гІурус мацІазда. Цере рахъаразе къиат кьезе бищун букІана жюри, айоналъул школазул мугІаимзаби, лъайкьеялъул отделалъул хІалтІухъаби, районалъл шагІирал гъорлъе рачун.

4 батІияб къокъаялде рибун рукІана цІалдохъаби: 1-4; -7; 8-9 ва 10 – 11 классал.

1-4 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб тІоцебесеб акІ **Зиярат Даитбеговалъ** (МелъелтІа СОШ, 3 ласс), кІиабилеб бакІ **Марьан ГІабдулжалиловалъ** МелъелтІа ООШ, 3 класс), ьабабилеб бакІ **Зубаржат ъурамухІамадовалъ** (ЧІирьатІа СОШ, 3 класс) ккуна.

5-7 классазул цІалдохъабаза гьоркьоб тІоцебесеб акІ **Макка Ахкубеговалъ** Мелъелтіа СОШ, 7 класс), Іиабилеб бакІ **Зайнаб ХІамзаовалъ** (МелъелтІа ООШ, 7 класс), лъабабилеб бакІ **Зайнаб ГІабдусамадовалъ** (Игьали СОШ, 7 класс) ккуна.

8 -9 классазул цІалдохъабазда гьоркьор тІоцебесеб бакІалъе **Хадижат МухІамадова** (МелъелтІа ООШ, 9 класс), кІиабилеб бакІалъе **ХІуризадай ХІасанова** (Гьарадирихъ СОШ, 9 класс) ва **Мадина Ахкубегова** (МелъелтІа СОШ, 9 класс), лъабабилеб бакІалъе **Зайнаб Заирбегова** (Килалъ СОШ, 9 класс) мустахІикълъана.

10-11 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб тІоцебесеб бакІ **Халжанат МухІамадовалъ** (Ингишо СОШ, 10 класс), кІиабилеб бакІ **Гогьар Тажудиновалъ** (Игьали СОШ, 9 класс) лъабабилеб бакІ **Аюб ГІумарасхІабовас** (Килалъ СОШ, 10 класс) ккуна.

Конкурсалда бергьаразе районалъул лъайкьеялъул отделалъ кьуна ХІурматалъул грамотаби ва къиматал сайгъатал.

«Щибаб соналъ ХІамзатовасул кьоял кІодо гьарула районалъул школазда. ТІоритІула халкъияв поэтасул гІумрудул ва творчествоялъул бицунел дарсал. ГІадатлъун лъугьун буго «ХІамзатовасул цІалиял» абураб районалъул конкурс тІобитІи. Жакъасеб талбирги буссараб буго лъималазулъ Расул ХІамзатовасул творчествоялде рокьи бижизабиялде, гьунар бугел лъимал тІаса рищиялде ва гьединазул рахъккваялде. Поэзиялъул унго-унгояб байрам гІадин ана исанаги гьеб», - ян абуна районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухІамадовас.**

«Гумбет» РИО

# Бергъана ЧIиркъатIаса ва Игъалиса мугIалимзаби

## «Бищун лъикIав классалъул нухмалъулев» къец

**20 январалда Гумбет районалъул лъайкьеялъул отделалъул залалда тIобитIана «ЛъагIалил бищун лъикIав классалъул нухмалъулев» конкурс. Гьелъул мурад букIана классалъул нухмалъулезул хIалтIул къимат борхизаби, гьезул хIалтIул хIалбихьи лъазаби ва тIибитIизаби, гьединго районалъул школазда цIаллохъабазе тарбия кьеялъул хIалтIи лъикIлъизаби.**

Конкурс тIобитIана байбихьул ва чIахIиял классазул нухмалъулезда гъоркьоб. ГIуцIун букIана жюри ва гьелда гъорлъ рукIана районалъул лъайкьеялъул отделалъул хIалтIухъаби ва 2015 соналда республикаялда классазул нухмалъулезда гъоркьоб тIобитIараб конкурсалда тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал ккурал **Равзанат ГIумарова** (МелъелтIа СОШ) ва **ПатIимат Шарапудинова** (Игъали СОШ).

Конкурс рагъана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** Гьеб бачана районалъул лъайкьеялъул отделалъул информационниябгун методическияб централъул методист **ГIабдула МухIамадовас.**

Конкурсалда букIана кIиго номинация: ТIоцебесеб: «Щай дун хIалтIулев вугев классалъул нухмалъулевлъун?» абу-

КIиабилеб номинация букIана цIаллохъабазе тарбия кьеялъе бахъараб планалда тIасан.

Конкурсалъул хIасилалда




байбихьул классазул нухмалъулезда гъоркьоб тIоцебесеб бакI ккуна ЧIиркъатIа гъоркьохъеб школалъул 2 классалъул нухмалъулей **Асият ИбрагьимовалЪ**, кIиабилеб бакI КилалЪ гъоркьохъеб школалъул 2 классалъул нухмалъулей **ПатIимат ИсубхIажиевалЪ.**

ЧIахIиял классазул нухма-

бакI Игъали гъоркьохъеб школалъул 7 «б» классалъул нухмалъулей **ГIайшат СагIидовалъе**, кIиабилеб бакI

ЦIияб Аргъвани гъоркьохъеб школалъул 6 «а» классалъул нухмалъулев **НурмухIамад НурмухIамадовасе,** лъабабилеб бакI Гъарадирихъ гъоркьохъеб школалъул 6 классалъул нухмалъулей **Саида ГIизудиновалъе** щвана.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан при-

дипломал ва гIарцулал сайгъатал.

Гьаб соналъул март моцIалъул авалалда республикаялда тIобитIизе бугеб «Бищун лъикIав классалъул нухмалъулев» конкурсалда гIахьаллъи гьабизе буго районалъул конкурсалда тIоцебесеб ва кIиабилеб бакIал ккураз.

**ГIайшат Исламбиева**